



Pou Piblikasyon Imedya: 05/06/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE KÒMANSMAN PWOJÈ ENFRASTRIKTI DLO KI POTE TRANSFÒMASYON NAN VILAJ CATSKILL LA

Pwojè egou 25 milyon dola a pral asire sèvis fyab pou rezidan yo epi pwoteje rivyè Hudson lan

Pwojè Dlo Potab 5 milyon dola gen ladan ranplasman yon konduit dlo ki gen 100 an

Investisman Eta yo kontinye avanse objektif dlo pwòp Nouyòk yo

Gouvènè Kathy Hochul anonse jodi a kòmansman konstriksyon pwojè transfòmatè dlo ak egou ki totalize 30 milyon dola nan Vilaj Catskill la. Vilaj la ap modènize sistèm dlo ize ak dlo lapli li a ki demode pou pwoteje Rivyè Hudson lan epi bati yon kominote ki pi solid e ki pi rezistan. Vilaj la ap ranplase tou yon konduit dlo ki gen yon syèk epi ap antreprann lòt amelyorasyon ki pral pwoteje dlo potab la. Yon konbinezon investisman Eta, federal ak lokal yo, ki gen ladan plis pase 24 milyon dola nan sibvansyon, ap fè pwojè yo abòdab pou kontribyab lokal yo tout pandan y ap kreye travay ki byen peye nan Distri Kapital la. Pwojè yo siyifi pwogrè enpòtan pou Catskill — dlo ki pi pwòp, enfrastrikti ki pi solid ak nouvo opòtinite pou kwasans.

"Pwojè sa a reflekte angajman san fay Nouyòk anvè dlo pwòp ak abòdablite", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Lè nou amelyore sistèm dlo ki demode yo epi redwi polisyon danjere nan Rivyè Hudson an, n ap asire ke kominote yo gen aksè ak dlo pwòp e san danje, san yo pa mete plis presyon sou bidjè familyal yo. Investisman sa yo non sèlman ap pwoteje sante rezidan nou yo jodi a, men tou y ap kreye yon avni ki pi dirab pou Nouyòkè yo."

Pwojè egou Catskill la pral diminye afliks ak filtrasyon nan egou sanitè yo, sa ki pral pèmèt demantelman alavni kat ansyen devèswa egou ki aktyèlman dechaje dlo ize san trete oswa pasyèlman trete nan rivyè Hudson lan pandan gwo lapli. Lè pwojè a amelyore eleman kle nan rezo egou lokal la, li pral diminye polisyon, asire sèvis dlo ize

fyab pou rezidan yo, epi ranfòse rezistans kominote a fas ak enpak move tan ekstrèm yo.

Pwojè dlo potab la fè pati yon efò konplè ki gen ladan ranplasman konduit dlo aje yo, rekonstriksyon basen sedimantasyon an, konstriksyon yon nouvo tank pou estoke dlo, ak amelyorasyon izin filtraj dlo ki egziste deja a. Pwojè sa a make yon gwo pa nan direksyon pou asire sante ak sekirite rezèv dlo vilaj la sou alontèm.

Pwojè sa yo finanse pa sibvansyon ki soti nan angajman kontinyèl Gouvènè Hochul anvè dlo pwòp ak investisman ki soti nan Fon Woulman Eta a, ki ranfòse an pati pa Lwa sou Investisman ak Travay nan Enfrastrikti (Infrastructure Investment and Jobs Act, IIJA) federal ka. Fon Woulman Eta a se prensipal mwayen finansye Nouyòk pou avanse objektif Eta a an tèm dlo pwòp, li bay plizyè milya dola chak ane bay kominote yo nan tout eta a. Investisman federal adisyonèl la atravè IIJA a elaji pòte Fon yo, sa ki pèmèt plis kominote antreprann pwojè dlo ak egou enpòtan tout pandan y ap minimize chay finansye sou kontribyab lokal yo.

Investisman sa a fè pati estrateji jeneral Nouyòk la pou maksimize enpak lajan enfrastrikti eta ak federal yo, pou asire chak rejyon benefisye dlo ki pi pwòp, sistèm ki pi an sekirite, ak dirabilite alontèm.

Finansman pwojè egou a gen ladan l:

- 13.7 milyon dola ameriken ki soti nan Pwogram Amelyorasyon Kalite Dlo Eta a ak sibvansyon pou Amelyorasyon Enfrastrikti Dlo a.
- Sibvansyon federal 7.5 milyon dola ak finansman san enterè 3.8 milyon dola ki soti nan Fon Woulman Eta pou Dlo Pwòp la, amelyore pa finansman IIJA.

Finansman pwojè dlo potab la gen ladan l:

- 2.9 milyon dola ki soti nan pwogram sibvansyon pou Amelyorasyon Enfrastrikti Dlo Eta a
- 2 milyon dola nan finansman ak enterè ki ba nan Fon Woulman Eta pou Dlo Potab la

Anplis pwoteksyon kalite dlo a, pwojè yo pral sipòte travay nan konstriksyon, fabrikasyon, jeni ak lòt endistri ki gen rapò ak li. Pwojè yo pral fini an plizyè faz. Faz sa prevwa fini nan sezon ete 2026.

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Kòporasyon Etablisman Anviwònmanal (Environmental Facilities Corporation, EFC) la, Maureen A. Coleman, te deklare, "EFC fyè pou sipòte pwojè vital sa yo ki pral benefisye Catskill ak kominote ki bò Rivyè Hudson yo dirèkteman, epi ki pral ranfòse angajman Gouvènè Hochul nan tout eta a pou dlo pwòp. Gras a pouvwa Fon Woulman Eta a ak sibvansyon sible Nouyòk pou enfrastrikti dlo, n ap ede kominote yo peye pwojè ki ta ka pa posib otreman.

Envestisman sa yo non sèlman pwoteje anviwònman nou an, men tou yo asire abòdabilite alontèm pou kontribyab lokal yo."

Komisè Depatman Prezèvasyon Anviwònmantal la, Amanda Lefton, te deklare, "Pwojè enfrastrikti enpòtan vilaj Catskill la pral pwoteje dlo potab, diminye polisyon nan Rivyè Hudson lan, epi amelyore rezistans fas a tanpèt k ap vin pi destriktif yo. DEC fyè pou l asosye avèk EFC ak lidè vilaj yo pandan n ap fè pwogrè nan priyorite dlo pwòp Gouvènè Hochul yo epi fè investisman rekò nan pwojè tankou sa a pou yo pi abòdab pou kominote yo epi pwoteje rezidan yo nan tout rejyon an."

Komisè Sante Eta Nouyòk la, Doktè James McDonald, te deklare, "Gouvènè Hochul kontinye montre angajman li pou asire aksè ak dlo potab pou kominote tankou Catskill ak nan tout Eta Nouyòk la. Envestisman nan enfrastrikti dlo ki abòdab pou tout moun esansyèl pou sante piblik. Depatman Sante (Health Department, DOH) Eta a ap kontinye travay avèk patnè federal, eta ak lokal nou yo pou pwoteje resous ki pi enpòtan sa a ak sante Nouyòkè yo."

Senatè Charles Schumer te deklare, "Chak fanmi ak moun ki rete nan Catskill ta dwe gen aksè ak dlo potab pwòp ak yon sistèm dlo-egou modèn. Mwen fyè pou m delivre plizyè milyon dola nan finansman federal ki soti nan lwa bilateral nou an sou Enfrastrikti, Envestisman ak Travay pou modènize sistèm dlo ize ak dlo lapli vilaj la. Sa ap ede netwaye Rivyè Hudson lan lè li netwaye drenaj egou yo epi asire rezidan yo gen aksè ak dlo potab ki pi pwòp – tout pandan y ap kreye travay, travay, travay ki byen peye. Mwen rekonesan pou patenarya Gouvènè Hochul nan batay pou chanje sityasyon enfrastrikti dlo eta nou an ki ap vyeyi a pou kenbe kominote nou yo an sekirite ekonomikman, an sante epi ekonomikman aktif."

Senatè Eta, Michelle Hinchey, te deklare, "Envesti nan enfrastrikti dlo modèn se youn nan fason ki pi efikas nou ka pwoteje basen vèsan Hudson River Valley a epi asire dlo potab pwòp ak fyab pou kominote lokal yo tankou Vilaj Catskill la. Nouyòk gen kèk nan sistèm dlo ki pi ansyen nan peyi a, e twò souvan, ti kominote ki jere yo pa ka simonte pri amelyorasyon sa yo poukont yo. Mwen fyè dèske mwen te ede jwenn sipò eta a ki te rann amelyorasyon enfrastrikti dlo sa yo nan Catskill posib, epi mwen remèsye Gouvènè Hochul pou patenarya li nan reyalize sa."

Direktè Devlopman Ekonomik, Touris ak Planifikasyon Konte Greene, James Hannahs, te deklare "Aksè ak dlo potab pwòp ak yon jesyon efikas dlo lapli esansyèl pou faktè kalite lavi ki wo ke Konte Greene ap fè efò pou ranfòse ak kenbe. Avèk mizajou nesèsè sa yo nan enfrastrikti dlo yo ak pwoteksyon solid pou Rivyè Hudson lan, Vilaj Catskill la pral ranfòse pwofil li kòm destinasyon prensipal pou elve yon fanmi, ouvri yon biznis, epi konekte ak Great Northern Catskills."

Prezidan Konsèy Administrasyon Vilaj Catskill la, Natasha Law, te deklare, "Vilaj Catskill la kontan anonse ke nou ofisyèlman kòmanse pwojè dlo ak egou nou yo, ki finance pa 16.6 milyon dola nan sibvansyon eta, 7.5 milyon dola nan sibvansyon federal, ak finansman adisyonèl nan Fon Woulman Eta a pou Dlo Pwòp ak Dlo Potab.

Amelyorasyon esansyèl sa yo pral pwoteje kalite dlo nan kominote nou an. Nou prevwa finisman faz sa a nan ete 2026 epi nou ap tann enpak pozitif la sou vilaj nou an."

Angajman Nouyòk pou Kalite Dlo

Eta Nouyòk kontinye ogmante envèstisman lidè nasyonal li yo nan enfrastrikti dlo, ki gen ladan plis pase 2.2 milya dola nan asistans finansye nan men EFC pou pwojè enfrastrikti dlo lokal yo nan Ane Fiskal Eta 2024 la sèlman. Avèk 500 milyon dola yo atribye pou enfrastrikti dlo pwòp nan Bidjè Eta 2026 Gouvènè Hochul te anonse a, Nouyòk pral investi yon total 6 milya dola nan enfrastrikti dlo ant 2017 ak ane sa a. Yo ankouraje nenpòt kominote ki bezwen èd ak pwojè enfrastrikti dlo li yo pou [kontakte EFC](#). Nouyòkè yo ka swiv pwojè k ap benefisye envèstisman EFC yo lè yo sèvi avèk [tablobò enpak pwojè a](#).

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)